

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data anu aya dina bab IV, dina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh maca warta saméméh (*pretest*) dilarapkeunana Modél Kooperatip TGT, katiten yén siswa kelas VIII-B SMP Kartika XIX 1 Bandung téh can mampuh, rata-ratana 67,4.
- 2) Kamampuh maca warta sabada dilarapkeunna Modél Kooperatip TGT, siswa kelas VIII-B SMP Kartika XIX 1 Bandung, hasilna jadi mampuh, rata-ratana 81,9.
- 3) Aya béda anu signifikan tina kamampuh maca warta siswa kelas VIII-B SMP Kartika XIX 1 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun Modél Kooperatip TGT, kalawan rata-rata peunteun *pretest* jeung *posttest* nya éta 67,4 jadi 81,9. Uji hipotésis ngahasilkeun $t_{itung} (10,11) > t_{tabel} (2,46)$. Hartina, Modél Kooperatip TGT bisa ngaronjatkeun kamampuh maca warta siswa kelas VIII-B SMP Kartika XIX 1 Bandung taun ajaran 2014/2015.

5.2 Implikasi

Modél Kooperatip TGT dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca warta. Larapan Modél Kooperatip TGT meunang sawangan anu positif ti siswa jeung guru. Ieu hal téh dilantarankeun prak-prakan larapan Modél Kooperatip TGT anu ngirut jeung pikaresepeun. Ayana *game* jeung *tournament* jadi salah sahiji alesanana. Lantaran éta, modél pangajaran ieu téh miboga poténsi pikeun numuwuhkeun kaparigelan, gawé baréng, miboga rasa tanggung jawab, aktif, jeung bisa numuwuhkeun kakreatifan siswa, lantaran dina proses diajarna ngaliwatan kompetensi *turnamén* jeung *game* anu bisa macu siswa sangkan leuwih gampang dina maham matéri pangajaran warta kalayan suasana anu teu monoton.

5.3 Saran

Dumasar kana hasil analisis data jeung kacindekan, aya sawatara rekomendasi pikeun lajuning laku panalungtikan Modél Kooperatip TGT dina pangajaran maca, anu satuluyna djéntrékeun saperti ieu di handap.

- 1) Modél Kooperatip TGT bisa ngaronjatkeun kamampuh maca warta. Ku kituna bisa dijadikeun hiji alternatif ku guru dina pangajaran maca warta di kelas, lantaran prosésna geus ngaliwatan hiji panalungtikan.
- 2) Perlu diayakeun deui panalungtikan anu ambahanna leuwih lega teu ukur ngagunakeun metodé kuasi eksperimen, tapi ngagunakeun metodé ékspérimén murni.